

## **Kòd Konduit pou Itilizatè Bibliyotèk Dwa Jidisyè ak Sant Oto-Asistans lan**

Bibliyotèk Dwa Jidisyè yo gen otorite pou etabli règ rezonab ki gen rapò avèk itilizasyon bibliyotèk yo epi yo gen dwa pou mete nenpòt moun ki vyole règ sa yo deyò. Kòd Konduit sa a fèt pou pwoteje dwa ak sekirite itilizatè ak manm pèsònèl bibliyotèk yo, epi pou konsève ak pwoteje materyèl, etablisman, ak byen bibliyotèk la yo.

Yo entèdi konpòtman ki kapab deranje moun. Sa gen ladan, anplis de lòt bagay:

- Entèfere ak lòt moun nan kesyon itilizasyon bibliyotèk la oswa/ak travay manm pèsònèl bibliyotèk la.
- Kominikasyon vèbal oswa ekri ak lòt itilizatè oswa pèsònèl bibliyotèk la ki pa apwopriye oswa ki pa fèt nan respè.
- Konpòtman moun ki entoksike oswa ki sou.
- Goumen, menas, langaj gwosye oswa zak seksyèl nan bibliyotèk la.
- Twòp bri, pale byen fò, fè gwo bri, jwe mizik, elatriye.
- Telefòn selilè k ap sonnen; Telefòn selilè yo dwe rete sou mòd "silans." Itilizasyon telefòn selilè yo dwe fèt sèlman nan zòn ki fèt pou sa yo.
- Fè foto oswa anrejistre videyo. Manm pèsònèl bibliyotèk la ka bay pèmasyon pou yo fè foto pou yo kopye tèks legal yo.

Yo entèdi pou moun abize etablisman bibliyotèk la. Sa gen ladan, anplis de lòt bagay:

- Vòlè materyèl bibliyotèk la.
- Andomaje byen bibliyotèk la.
- Manje nan bibliyotèk la. Yo otorize bwason ki pa gen alkòl ki nan resipyan ki kouvri.
- Antre nan zòn ki make "Anplwaye Sèlman."

Yo entèdi pou moun derespekte politik konsènan òdinatè yo. Sa gen ladan, anplis de lòt bagay:

- Gade videyo ki pa edikatif oswa jwe jwèt videyo.
- Depase limit inèdtan si gen lòt itilizatè k ap tann. Moun ki ap fè rechèch jiridik yo ap gen priorite.
- Pirate òdinatè, enprimant, oswa lòt ekipman.

Yo kapab mande nenpòt moun ki p ap patisipe nan aktivite ki gen rapò ak bibliyotèk la (sa vle di, lekti oswa rechèch) pou yo kite bibliyotèk jiridik la.